



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 4 Mathematics, Book 3**  
**Sample Test 2005**

---

**Matematik**  
**Liv 3**

Ane **4**

**Egzanp Egzamen 2005**

Non \_\_\_\_\_



## KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou fè tout sa ou kapab.

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou yo.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk blòk modèl ou yo.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk kontè ou yo.

***Kontinye***



**40**

Kevin li 8 liv mwa pase. Chak liv te genyen 32 paj. Ki kantite total paj Kevin te li?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ paj

**41**

Madam Sanders ap fè yon vwayaj 300 mil sou bisiklèt. Chak jou li fè 30 mil sou bisiklèt la. Konbyen jou Madam Sanders ap pran pou fini fè vwayaj la?


**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ jou

***Kontinye***

42

Nora ap fè yon modèl avèk kare. Desen ki anba a montre 4 premye ranje modèl la.



Si Nora kontinye modèl la, konbyen kare k ap nan **Ranje 6** la?

**Repons** \_\_\_\_\_ kare

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou jwenn repons ou.

---

---

---

---

---

---

**43**

Ronisha patisipe nan yon konpetisyon atletis nan lekòl li a. Nan so an longè a, li sote 48 pous. Konbyen pye Ronisha te sote?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ pye

***Kontinye***

**44**

Gail genyen 35 grenn tomat ak 4 po flè. Li plante 8 grenn tomat nan chak po flè. Konbyen grenn tomat Gail rete?


***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ grenn



**45**

Sou kadriyaj ki anba a, trase yon rektang ki genyen yon longè 7 inite ak yon lajè 5 inite.



Ki perimèt rektang ou trase a?


***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ inite

***Kontinye***

46

Graf ba ki anba a montre kantite abònman magazin yon konpayi magazin konpilè vann chak mwa pandan 5 mwa.



**Pati A**

Konbyen abònman magazin anplis ki te vann an me ak avril?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ abònman

**Pati B**

Si modèl sa a kontinye, apeprè konbyen abònman magazin k ap vann an novanm?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ abònman

***Kontinye***

**47**

Marie envite 9 zanmi nan yon fèt. Li achte yon total 63 otokolan pou distribye ba zanmi li yo. Si chak zanmi resevwa menm kantite otokolan, epi pa genyen ki rete, konbyen otokolan Marie ba chak zanmi?






***Montre travay ou.***


***Repons*** \_\_\_\_\_ otokolan

48

Madam Landry ap pare yon fèt pou klas li. Elèv yo vote pou kalite mèfin yo pi renmen ki pou yo jwenn nan fèt la. Chak elèv vote pou 2 kalite mèfin. Rezilta yo prezante nan piktoqram ki anba a.

### KALITE MÈFIN YO PI PITO

Kalite Mèfin	Kantite Vòt
Zoranj	
Mitil	
Gato Bannann	
Bonbon Chokola	
Bonbon Rezen Sèk Farin Avwàn	

LEJANN
 = 5 Vòt

Ki kantite total elèv ki te vote nan klas Madam Landry a?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ elèv



# **Ane 4**

## **Matematik**

Liv 3

Egzanp Egzamen 2005

---

*The McGraw-Hill Companies*